



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 8 desanm 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO TE CHWAZI NEW YORK POU USDA PILOT POU OGMANTE AKIZISYON PWODUI LOKAL KI GRANDI NAN LEKÒL YO

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Eta Depatman Agrikilti te chwazi New York Pou patisipe nan yon pwogram federal pilòt pou akizisyon pwodui kokal ki grandi nan lekòl eta New York yo. Pwojè pilòt pou akizisyon fwi ak legim ki pa transfòmè te enkli nan pwojè lwa fèm federal 2014 epi kreye yon nouvo pwojè pou achte fwi ak legim ki pa transfòmè. New York se youn pami uit eta ke yo te chwazi pou patisipe nan inisyativ federal spesyal sa a, se poutèt sa Biwo Sèvis Jeneral Eta New York te soumèt aplikasyon an.

“New York se yon lidè ke yo rekonèt nasyonalman nan pwomosyon ak sipò manje ki pwodui lokal, e avèk chwa sa a nou pral asire ke elèv yo gen aksè a manje lokal fre ak nitritif ki pwodui lokalman,” Gouvènè Cuomo te deklare, “Mwen remèsye USDA dèske yo te fè patenarya avèk nou pou montre sa ki pi bon nan endistri agrikòl New York kap pwospere.”

Biwo sèvis Jeneral Eta pral jere pilòt New York e li pral kòmanse nan Rochester. Semèn pwochen, OGS pral kòmanse pale avèk agrikiltè yo, sant alimantè ak lekòl yo nan rejyon an sou pwogram nan ak fason yo ka patisipe. Akoz anpil nan òganizasyon Rochester yo potko travay deja avèk USDA, OGS pral ede yo antre nan pwosesis la.

Anons jodia vini sou talon inisyativ Gouvènè a fenk kreye “Buy NY”, sa ki te anonse semèn pase nan somè agrikilti Nò-Sid eta. “Buy NY” “Achte NY” yon efò konjwen avèk Depatman Agrikilti Eta & Mache, Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè, Biwo Sante Mantal, Depatman Sante, Biwo Sèvis Jeneral ak Ekstansyon Koperativ Cornell, objektif la se pou tire pati nan kontra santralize ki egziste deja osijè achte pwodui alimantè eta, enkli pwodui letye ak pwodui yo.

USDA te premye etabli yon pwogram Fèm a Lekòl pou amelyore aksè a manje lokal yo nan lekòl nan ane 2010 e, nan fason pou etabli objektif reyalistik pou ogmante disponibilite manje lokal nan lekòl yo, USDA te fè yon resansman fèm a lekòl nan tout peyi a. Yo te pran premye sondaj la pandan ane lekòl 2011-2012.

Anvan kreyasyon resansman an, Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York te bay plis pase 1,000

direktè sèvis manje lekòl sondaj atravè eta pou evalye enterè yo nan inisyativ fèm a lekòl pou idantifye baryè ak opòtinite yo. Kòm yon rezilta, nan ane 2012, yo te chwazi New York kòm youn nan senk eta nan peyi a ki te resevwa finansman ki soti nan premye pwogram Fèm a lekòl USDA, imedyatman pèmèt depatman agrikilti ak mache mete sou pye pi bon pratik ak opòtinite ke yo te idantifye nan sondaj la.

Byenke li toujou nan etap preliminè, pwogram lan deja gen siksè: Nan ane 2013, Benton Berries, yon fèm lokal nan Penn Yan, NY, ki te fè livrezon tomat nan Binghamton, Johnson City ak distri lekòl Owego-Apalachin. Yo te sèvi apeprè 3,000 liv tomat lokal nan 16 kafeteria a plis pase 11,500 elèv an total ane sa kòm yon rezilta. Egalman nan ane 2013, distri lekòl Binghamton City te sèvi apeprè 12,000 liv pòm lokal ki soti nan Reisinger's Apple Country, yon jaden fwi nan Watkins Glen, N.Y, a 6,000 elèv nan 10 kafeterya lekòl.

“Enklizyon nan pwogram pilòt sa a se yon testaman travay di anpil ajans eta sou demann Gouvènè Cuomo pou jwenn plizyè opòtinite pou pote plis pwodui ki grandi ak devlope lokalman sou tab Nouyòkè yo,” Komisyonè OGS RoAnn Destito te deklare. “Depi ane 2011, OGS tap travay avèk fèm lokal yo atravè depo nou yo nan Long Island. Yo te distribye plis pase 225,000 liv patat lokal, pòm, chou, karòt, navè, brokoli, mayi ak bètrav a 36 lekòl distri. Nap rete tann pou n itilize sa nou te aprann atravè inisyativ sa nan tout eta e nou pral travay etwatman avèk lekòl yo ak founisè yo pou asire ke pilòt sa a gen siksè ak pou li vini yon pwogram pèmanan.”

“Mwen kwè akizisyon manje ki pwodui lokal yo nan lekòl ak nan enstitisyon yo pa anyen de mwens ke yon okazyon annò pou agrikilti New York,” te deklare Komisyonè Agrikilti Eta Richard A. Ball. “Grasa pwogram pilòt sa a ansanm avèk inisyativ “Buy NY” Gouvènè Cuomo, opòtinite sa yo pral sèlman kontinye grandi. Anons jodia se yon gwo nouvèl pou kanmarad agrikiltè mwen yo ansanm avèk jèn yo ki reprezante avni briyan eta.”

Pwovizyon nan pwojè lwa fèm federal la egzije chwa eta yo ki enkli nan pilòt la dwe baze sou yon angajman ki demontre pou bati pwòp pwogram fèm-a-lekòl yo, kantite ak varyete pwodikè fwi ak legim lokal nan eta, ak kantite òganizasyon edikasyon lokal kap sèvi diferan gwosè popilasyon ak rejyon jeyografik nan eta.

Senatè Charles E. Schumer te deklare, “Grasa pwogram inovativ pilòt federal-eta sa, New York pral bay lekòl yo toupatou nan eta fwi ak legim ki grandi lokalman; se yon viktwa pou agrikiltè New York yo ansanm avèk elèv yo. Kounye a, agrilti New York pral non sèlman fèm-a-tab men fèm-a-lekòl.”

Senatè Kirsten E. Gillibrand, yon manm nan Komite Agrikilti Sena te deklare, “Sa a se gwo nouvèl pou lekòl nou yo ansanm avèk agrikiltè lokal nou yo. Eta New York se kay yon endistri agrikòl ki solid ki gen potansyèl pou plis kwasans ankò. Lè nou konekte lekòl yo toupatou nan eta avèk manje ki pwodui lokal, nou ka bay timoun nou yo pi bon aksè a opsyon manje nitritif, sen, pandan nap ranfòse pwòp endistri agrikòl New York. Map rete tann pou m travay nan tout nivo gouvènman e avèk USDA pou kontinye devlope sou inisyativ enpòtan sa a.”

Depite Louise Slaughter te deklare, “Nou te pran etap remakab antanke nasyon nan direksyon pou konbat obezite lakay timoun, e se yon lòt etap nan bon direksyon an. Li esansyèl pou nou mete jèn nou yo sou yon pakou pozitif byen bonè nan lavi yo, e sa gen ladan bay manje nitritif, sen pandan jou lekòl yo, espesyalman nan kominote yo kote aksè a pwodui lokal fre limite. Non sèlman sa pral amelyore sante timoun nou yo, men li pral epaye yo depans medikal elve pou lavi nan pwoblèm sante ki asosye avèk obezite. Anplis, sa a pral yon avantaj inespere pou pwodiktè lokal yo, ki se pyès santral nan ekonomi pati nò a epi pandan toutan bay Nouyòkè yo opsyon pwodui fre.”

Depite Chris Gibson te deklare, “Abilite distri lekòl yo pou achte fwi ak legim lokal bay elèv nou yo opsyon repa sen ak fre ki pral ede favorize yon apresyasyon pwofon pou agrikilti ak enpòtans fèm a kominote nou yo. Mwen fyè dèske mwen te otè pwovizyon pwojè lwa fèm sa a, e map rete tann pou m travay avèk agrikiltè yo ansanm avèk edikatè yo nan Hudson Valley ak Catskills pou etabli nouvo patenarya fèm-a-lekòl atravè pwogram pilòt USDA a.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride